ndax duma leen tektal lu gën li ngeen di laaj? Bu ngeen tëddatee -walla ngeen ñëw ci seen lal- nangeen sàbbaal Yàlla fanweer ak ñatt, te ngeen sant Yàlla fanweer ak ñatt, ngeen màggal Yàlla fanweer ak ñent, loolu moo gën ci yéen liggéeykat

Jële nañu ci Aliyun yal na ko Yàlla dollee gërëm mu wax ne: Faatimata yal na ko Yàlla dollee gërëm dafa ñëw ci Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc di ko jàmbat li muy daj ci soqq ak wol, mu dégg ne dafa am ay jaam, te fekku ko fa, mu wax ko Aysatu, ba mu ñëwee Aysatu wax ka ko, nee na: mu ñëw fi nun fekk tëdd nanu, ba nuy jog mu ne nu: "buleen jog" mu ñëw toog sunu diggante, ba may yég seddaayu tànkam ci sama biir, mu wax ne: "ndax duma leen tektal lu gën li ngeen di laaj? Bu ngeen tëddatee - walla ngeen ñëw ci seen lal- nangeen sàbbaal Yàlla fanweer ak ñatt, te ngeen sant Yàlla fanweer ak ñatt, ngeen màggal Yàlla fanweer ak ñent, loolu moo gën ci yéen liggéeykat".

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Faatimata yal na ko Yàlla dollee gërëm doomu Yónente bi dafa jàmbat li nekk ci loxoom ci ay jeexiti jumtukaayu wol bi muy wole, ba ay jaam dikkalee Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc, mu dem fi moom ngir laaj ko liggéeykat ci jaam yooyu; ngir mu wuutu ko ci liggéeyu kër gi, waaye fekku ko ca kër ga, mu fekk fa Aysatu yal na ko Yàlla dollee gërëm, mu wax ko loolu, Ba Yonnente bi ñëwée Aysatu wax ko ne Faatimata ñëwoon na fi di laaj liggéeykat, Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc dem ci Fatima ak Aliyun yal na leen Yàlla dollee gërëm ci seen kër fekk leen ci lal ñuy waaj a nelaw, mu toog seen diggante ba Aliyun di yëg seddaayu tànkam ci biiram bi, mu ne leen: Ndax duma leen xamal lu gën liggéeykat bi ngeen may laaj? Ñu ne ko ahakay, Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc ne leen: Bu ngeen tëddatee seen lal ngir nelaw ci guddi gi, nangeen kàbbar fanweeri yoon ak ñent, ci wax: Allaahu Akbar, Sàbbaal leen Yàlla fanweeri yoon ak ñatt, ci wax: Subhaanal Laahi, Ngeen sant Yàlla fanweeri yoon ak ñatt, ci wax: Alhamdu lil-Laah; Tudd Yàlla gii moo gën ci yéen liggéeykat.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/6076